



Pou Piblikasyon Imedya: 15/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REKÒ TRAJÈ SOU CHEMENNÈ BANLYE MTA A

LIRR te pote plis pase 260,000 pasaje madi 14 me a, li etabli rekò pou yon sèl jou depi pandemi an; ki kowenside ak jounen rekò pou Grand Central Madison ak 41 pousan nan pasaje yo ki ale nan direksyon Manhattan ki vwayaje nan Tèminal East Side la

Metro-North te anrejistre pi bon lendi apre pandemi an 13 me, ak plis pase 209,000 pasaje ki swiv pi bon semèn depi pandemi an

Rekò pasaje yo vini nan mitan yon seri pèfòmans alè istorik nan toulède wout ray yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a itilizasyon rekò sou chemennè banlye Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transportation Authority, MTA), Wout Ray Long Island (Long Island Rail Road, LIRR) ak Wout Ray Metro-North la. LIRR te pote 260,745 pasaje nan madi 14 me, pi gwo kantite pasaje pou yon sèl jou lasemèn depi pandemi an. Rekò pasaje yo te kowenside ak yon rekò Grand Central Madison – 41 pousan pasaje te vwayaje nan Grand Central Madison madi, pi gwo divizyon ak Penn Station depi tèminal la te louvri pou sèvis konplè fevriye pase a.

"Pasaj rekò sa a montre ke New York retounen epi li pi bon pase anvan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gras ak investisman prensipal nou yo nan peyi a, vwayajè yo ak rezidan yo kounye a ap fè eksperyans transpò ki an sekirite ak fyab, epi mwen fyè pou m wè Nouyòkè yo ap kontinye tounen nan sistèm nan."

Rekò LIRR la vini jis yon jou apre Wout Ray Metro-North te gen pi bon lendi li depi pandemi an, ki te pote 209,795 pasaje. Konbine ak madi, Metro-North te pote prèske mwaye yon milyon pasaje atravè de premye jou nan semèn nan. Rekò sa a vini apre yon kantite pasaje solid semèn pase a, ak yon mwayèn 212,466 pasaje chak jou, pi bon mwayèn pandan jou lasemèn depi pandemi an. An mwayèn pasaje pou madi jiska jedi nan semèn sa a se te 222,244 pasaje, tou yon rekò apre pandemi.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MTA, Janno Lieber, te deklare, "Sèvis tren banlye MTA pa janm te pi fò. Pasaje LIRR kontinye ap monte, sitou kantite pasaje kap itilize Grand Central Madison. Pasaje LIRR andedan vil la – espesyalman nan katye

istorikman defavorize yo – ogmante 28 pousan, epi pèfòmans alè Metro-North te prèske pafè ane sa a – 99 pousan! Nou toujou gen kapasite pou akomode plis pasaje, ki kounye a konnen si yo pran LIRR ak Metro-North li pral fè yo ale ak soti nan vil la pi vit pase avan."

Prezidan Wout Ray Long Island lan, Rob Free, te deklare, "Rekò pasaje madi a se yon vòt konfyans nan men kliyan nou yo, ki reyalize ke nou ap bay sèvis ki an sekirite, fyab, ak pratik. Pèfòmans alè nou pou ane a rive nan 96 pousan pandan n ap bay plis sèvis nou te janm genyen an, ki se yon rezilta dirèk nan mendèv enkwayab nou an ak envèstisman nou te fè tankou Grand Central Madison, Main Line Third Track ak Ronkonkoma Double Track."

Prezidan Metro-North Railroad, Catherine Rinaldi, te deklare, "Sèvis pa janm pi bon pou kliyan Metro-North yo. Pandan premye trimès ane a, pèfòmans alè yo te pi wo nan istwa wout ray la, epi angajman nou an pou sekirite pa et janm pèdi. Dosye sa yo se yon temwayaj pou tout ekip Metro-North la, epi mwen fyè de travay ekselan yo te fè pou mennen nou isit la."

Pandan twa premye mwa 2024 yo, LIRR ak Metro-North yo chak selebre yon bon pèfòmans alè ak kantite moun ki pase, chak moun te pote apeprè 1.4 milyon pasaje semèn pase a. Apiye sou yon ane 2023 solid kote alafwa LIRR ak Metro-North te wè transpò te depase nivo 2019 yo, tou de wout ray yo kounye a pote yon mwayèn de 200,000 pasaje yo.

Pandan kat mwa youn apre lòt, pèfòmans alè nan tout sistèm LIRR la depase 94 pousan. Nan jou lasemèn yo, LIRR te toujou pote plis pase 200,000 pasaje depi ouvèti Grand Central Madison ak yon mwayèn aktyèl semèn nan omwen 230,000 pasaje.

Semèn rekò Metro-North la, pou semèn 6 me a, se premye fwa depi pandemi an wout ray la te fè yon mwayèn plis pase 200,000 pasaje pou yon semèn, ki depase total sis nan sèt dènye jou lasemèn yo. Pi gwo kantite pasaje yo vini nan mitan yon pèfòmans alè rekò. Anplis pèfòmans istorik alè ki 98.8 pousan an 2024, pèfòmans alè Metro-North te omwen 97 pousan nan kat dènye ane yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)